

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa Tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017, bisa dicindekkeun ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan RPP anu ngawengku tujuan pangajaran, matéri pangajaran, sumber diajar/média pangajaran, léngkah-léngkah pangajaran, jeung évalausi pangajaran, rarancang pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017 sacara umum geus luyu jeung komponén RPP Kurikulum 2013. Rarancang pangajaran anu dianalisis tina hasil studi dokuméntasi RPP, tétéla geus luyu jeung aspék-aspék anu aya. Tujuan pangajaran geus jéntré sarta geus luyu jeung kompetensi dasar. Matéri pangajaran geus luyu jeung tujuan pangajaran, karakteristik siswa, sarta alokasi waktu anu ditangtukeun, tapi matéri pangajaran teu disusun sacara sistematis. Sumber diajar/média pangajaran geus luyu jeung tujuan pangajaran, karakteristik siswa, sarta matéri pangajaran. Léngkah-léngkah pangajaran geus lengkep tur disusun sacara sistematis. Métoeu anu digunakeun ogé geus luyu jeung tujuan pangajaran, karakteristik siswa, jeung alokasi waktu. Téhnik évaluasi geus luyu jeung tujuan pangajaran sarta istrumén évaluasi geus lengkep.
- 2) Dumasar kana hasil panalungtikan obsérvasi anu ngawengku kagiatan awal, kagiatan inti, jeung kagiatan ahir, prak-prakan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017 geus alus. Dina kagiatan awal guru ngalaksanakeun apersési. Sanajan guru teu nepikeun tujuan pangajaran, tapi guru bisa ngahudang karep siswa pikeun diajar basa Sunda. Dina kagiatan inti, guru nepikeun matéri ngagunakeun métoeu jeung média pangajaran anu luyu jeung karakteristik siswa, guru ngaéksplorasi matéri pangajaran, mariksa pamahaman siswa, jeung méré bimbingan pikeun garonjatkeun pamahaman

siswa. Dina kagiatan ahir, guru nyieun kacindekan jeung méré motivasi ka siswa.

- 3) Dumasar kana hasil panalungtikan obsérvasi jeung studi dokuménatsi ulangan siswa, évaluasi pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017 geus alus. Pancén, latihan, jeung ulangan harian siswa geus luyu jeung tujuan pangajaran, kagiatan pangajaran, jeung karakteristik siswa.
- 4) Dumasar kana hasil ulangan harian siswa, pamahaman kandaga kecap basa Sunda siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017 téh dibagi jadi opat katégori, nyaéta: (1) teu maham jeung teu bisa ngucapkeun; (2) teu maham tapi bisa ngucapkeun; (3) maham tapi teu bisa ngucapkeun; jeung (4) maham jeung bisa ngucapkeun. Tina tilu puluh kandaga kecap anu diujikeun ka siswa, presentase katégori kahiji 4% , katégori kadua 17%, katégori katilu 14%, jeung katégori kaopat 65%. Anapon bangbaluh siswa dina ngucapkeun kandaga kecap nyaéta dina kandaga kecap anu ngandung *é*, *e*, jeung *eu*.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun mikanyaho sacara teleb prosés pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun ajaran 2016-2017. Hasil panalungtikan bisa dijadikeun studi awal pikeun para mahasiswa Sunda anu kairut ogé kana pangajaran basa Sunda di SLB, anu kahareupna bisa nyiptakeun média atawa métodeu pangajaran basa Sunda anu luyu jeung siswa tunarungu. Ieu panalungtikan téh meunang dukungan jeung aprésiasi ti siswa jeung ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara positif utamana ku guru basa Sunda anu sacara jenjang pendidikanana lain lulusan ti jurusan basa Sunda.

5.3 Rékoméndasi

Sabada dilaksanakeun panalungtikan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu kelas VII di SMPLB Negeri Cicendo Kota Bandung taun

ajaran 2016-2017, diwincik sawatara rékoméndasi pikeun pihak-pihak anu aya patalina jeung hasil dina ieu panalungtikan.

1) SLB Negeri Cicendo Kota Bandung

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran kandaga kecap basa Sunda di sakola. Nilik kana karakteristik siswa tunarungu jeung status mata pelajaran basa Sunda, sakola dipiharep tetep merhatikeun hak siswa salaku urang Sunda pikeun diajar nepi ka ka maham kandaga kecap basa Sunda sangkan bisa digunakeun dina kahirupan sapopoé.

2) Departemen Pendidikan Bahasa Daerah UPI

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi sumbangan pamikiran ngeunaan pangajaran kandaga kecap basa Sunda di SLB utamana dina rarancang pangajaran, prak-prakan pangajaran, jeung évaluasi pangajaran.

3) Panalungtik

Ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun référénsi dina nambahan élmu pangaweruh hususna ngeunaan pangajaran kandaga kecap basa Sunda pikeun siswa tunarungu anu mikabutuh perlakuan husus sangkan bisa meunangkeun hak anu sarua jeung siswa séjénna dina pangajaran basa Sunda.

